

ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN KOUVÈTI MEDICAID OU

Tanpri Aji Rapidman

Nap ekri w pou n ba w enfòmasyon ki enpòtan konsènan benefis asirans sante Medicaid ou. Konfòmman ak lwa federal, Eta Rhode Island ap dirije renouvèlman elijibilite Medicaid pou l konfime ke tout moun ki gen Medicaid rete elijib pou li. Dosye nou yo endike ke w gen kèk sikonstans espesyal ki afekte elijibilite w.

Kouvèti Asirans Medicaid ou ap Fini

Enfòmasyon nou genyen yo endike revni fwaye ou pi wo pase Nivo Pòvreté Federal (federal poverty level, FPL) la pou Granmoun Aje oswa Adilt ki gen Andikap (Elders or Adults with Disabilities, EAD). Nou itilize FPL pou ede detèmine si ou elijib pou kouvèti Medicaid.

Sa w Dwe Fè Pou W Rete nan Medicaid

Si revni fwaye w la chanje, tanpri fè nou konnen. Ou ka rapòte yon chanjman nan revni lè w:

- Konekte w sou kont ou nan www.healthyrhode.ri.gov. Ale nan seksyon “Report Change” (Rapòte yon Chanjman) pou fè nou konnen gen yon chanjman nan revni ou.
- Kontakte Depatman Sèvis Sosyal Rhode Island (Rhode Island Department of Human Services, DHS) nan 1-855-697-4347.

Pa mize. Tanpri bay enfòmasyon ki ajou touswit pou nou ka detèmine si ou elijib pou kontinye gen kouvèti asirans la.

Kisa W Ka Fè Si Revni W Pa Chanje

Si revni ou pa chanje men ou gen gwo depans pou swen sante chak mwa, ou ka kalifye pou elijibilite pou “spend down” (depans montan eksedantè). Nou pral dedwi depans swen sante w yo nan revni ou sou yon peryòd sis mwa. Sa ka redwi revni ou ase pou w ka kontinye kalifye pou Medicaid.

Tanpri sere tout bòdwo medikal ou yo. Nou pral tcheke sa ou te depanse chak sis mwa pou detèmine si ou ka satisfè “spend down” w la epi vin elijib pou Medicaid.

Si w gen kesyon sou fason pou satisfè egzijans pou “spend down” Medicaid la, kontakte DHS nan 1-855-697-4347.

Sa W Ka Fè Si W Pa Satisfè Egzijans pou ‘Spend Down’ W la

Si ou pa satisfè egzijans pou “spend down” w la pou elijibilite Medicaid, ou ka gen lòt opsyon pou kontinye gen kouvèti asirans atravè HealthSource RI (HSRI). Nan jou lasemèn yo, rele HSRI de 8 a.m. jiska 6 p.m. nan 1-855-840-4774 pou pale ak yon moun ki ka ede w.

Si w pa dakò ak desizyon nou pran konsènan benefis ou yo, annik suiv pwosedi yo dekri nan Avi sou Desizyon Benefis (Benefits Decision Notice) ou pou konteste desizyon an.

Vizite www.staycovered.ri.gov pou aprann plis sou elijibilite pou Medicaid ak kijan pou jwenn èd.